

BAB III


METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina desain ieu panalungtikan, ngagunakeun desain kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Desain nu digunakeun dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest*, tuluy *treatment*, tuluy diayakeun *posttest*. Hal ieu luyu jeung pamanggih Sukardi (2012, kc. 183) desain panalungtikan nya éta prosés anu diperlukeun dina ngararancang sarta ngalaksanakeun panalungtikan, dina ieu panalungtikan digunakeun desain kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nya éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123) métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa nya éta 1) *one shot case study*; 2) *pretest and posttest*; jeung 3) *static group comparison*. Métode ékspérimén mangrupa hiji métode panalungtikan anu produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun.

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta dua kali dilaksanakeunna tés, nya éta saméméh dilaksanakeun ékspérimén jeung sanggeus dilaksanakeunna. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest* tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis laporan kalayan ngagunakeun modél *Field Trip*, tuluy diayakeun *posttest*. Desainna nya éta baris digambarkeun dina bagan di handap



Arikunto (2010, kc. 123)

Katerangan:

O1 = *pretest* (hasil panalungtikan saméméh perlakuan)

X = *treatment* (diajar nulis laporan ngagunakeun modél *Field Trip*)

O2 = *posttest* (hasil panalungtikan sabada ngagunakeun modél *Field Trip*).

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, ieu desain digunakeun pikeun ngukur modél *Field Trip* dina kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 20016/2017.

3.2 Subjek Panalungtikan

Anu jadi subjek dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2016/2017. Dipilihna siswa kelas VIII H jadi subjék panalungtikan nya éta ku sabab di kelas VIII H loba kénéh siswa anu héngkér dina nulis laporan.

3.3 Sumber Data

Sumber data nya éta sakabéh subjek anu ditalungtik. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil tulisan nu mangrupa laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2016/2017 anu jumlahna 36 siswa, ngawengku lalaki jeung awéwé. Sumber datana bisa ditén dina tabél di handap.

Tabél 3.1
Data siswa SMP Negeri 12 Bandung

Kelas	Jenis kelamin	Jumlah
VIII H	Lalaki	18 Siswa
	Awéwé	18 Siswa
Jumlah		36 siswa

3.4 Téhnik jeung Instrumén Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik non-tés jeung téhnik wawancara. Ku kituna, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta wangun paréntah jeung pedoman obsérvasi.

Dina prak-prakanna, aya sababaraha téhnik panalungtikan anu kudu dilakukeun ku panalungtikan, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data anu

ngawengku nganalisis data jeung bédana kamampuh nulis laporan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Field Trip*.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik non-tés kalayan wangun paréntah jeung pedoman obsérvasi. Tés dilaksanakeun dua kali nya éta *pretés* jeung *posttés*, tés nu kahiji *pretés* nya éta ngukur kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Field Trip*, tés anu kadua *posttés* nya éta ngukur kamampuh siswa sabada ngagunakeun modél *Field Trip*.

Soal tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2016/2017. Tés dina ieu panalungtikan téh nya éta lembar soal anu eusina wangun paréntah non objéktif. Tés ieu dilakukeun sangkan siswa dina nulis laporan eusina nyaritakeun hiji lalampahan anu geus dilakukeun ku siswa. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

Soal Pratést (*Pretest*)

Wasta :
No. Absén :
Kelas :

Hidep kantos lalampahan ka hiji tempat? Pastina, urang kantos lalampahan, boh éta ka tempat anu bersejarah siga Museum atawa ngan saukur ulin ka taman-taman anu hadé. Tulis pangalaman hidep basa harita, jieun hiji laporan anu panjangna kurang leuwih tilu pada (paragraf)!.

Soal Pascatést (*Posttest*)

Wasta :
No. Absén :
Kelas :

Hidep kantos lalampahan ka hiji tempat? Saha anu apal Museum Pendidikan Nasional UPI? Saha anu pernah ulin ka Taman-taman nu aya di sabudeureun UPI? Cik pilih salasihiji anu pang dipikaresep ku hidep, tuluy jieun hiji laporan anu panjangna kurang leuwih tilu pada (paragraf)!.

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan pikeun ngajawab hipotésis atawa meunangkeun jawaban pasualan tina ieu panalungtikan. Data anu diolah téh mangrupa hasil tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*).

Tujuan tina ngolah data téh pikeun maluruh tingkat kamampuh siswa dina nulis laporan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Field Trip*.

3.4.2.1 Analisis Data

Téhnik nganalisis data mangrupa kagiatan nganalisis tina hasil tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*). Analisis data ieu panalungtikan dilakukeun ku sababaraha tahapan saperti ieu di handap.

- a. Mariksa sarta nganalisis hasil tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) nulis laporan siswa ku cara nyirian kekecapan anu kurang merenah, éjahan nu kurang merenah, eusi karangan nu perlu dimekarkeun deui, organisasi karangan sarta basa anu dipaké.

Katerangana aspék anu dipeunteun dina kamampuh nulis laporan di tétélakeun dina tabél 3.2 ieu di handap.

Tabél 3.2
Pedoman Meunteun Hasil Tulisan

No	Aspék nu dipeunteun	Skor	Kritéria
1	Éjahan	5	Hadé pisan (ngawasa kana éjahan, kasalahan ngan seutik)
		4	Hadé (ngawasa kana éjahan tapi sakapeung sok aya kasalahan dina éjahan)
		3	Sedeng (kasalahan dina éjahan mindeng kajadian)
		2	Kurang (teu ngawasa kana éjahan , tulisan hésé kabaca)
		1	Kurang pisan (teu ngarti pisan kana éjahan, tulisan teu pisan)
2	Adegan Basa	5	Hadé pisan (kalimah nu digunakeun éféktif , pilihan kecap merenah)
		4	Hadé (kalimah nu digunakeun

No	Aspék nu dipeunteun	Skor	Kritéria
			éféktif, aya sababaraha kecap nu kurang merenah)
		3	Sedeng (kalimah nu digunakeun kurang éféktif, loba kekecapan nu kurang merenah, aya sababaraha kecap nu kamalayan)
		2	Kurang (kalimah nu digunakeun teu éféktif, pilihan kecapna asal-asalan, loba kecap nu kamalayan)
		1	Kurang pisan (kalimah loba nu teu nyambung, teu kaharti)
3	Eusi	5	Hadé pisan (aya kasaluyuan antara téma jeung eusi)
		4	Hadé (téma jeung eusi saluyu tapi aya kalimah anu teu kudu ditulis)
		3	Sedeng (téma jeung eusi kurang saluyu)
		2	Kurang (téma jeung eusi teu saluyu)
		1	Kurang pisan (téma jeung eusi ngalér ngidul)
4	Struktur Eusi	5	Hadé pisan (eusi dimekarkeun kalawan jéntré tur sistematis, aya kohési jeung kohérénsi antar paragraf)
		4	Hadé (eusi dimekarkeun kalawan sistematis tapi kurang jelas, aya kohési jeung kohérénsi antar paragraf)
		3	Sedeng (eusi kiurang jéntré tur kurang sistematis, kohési jeung kohérénsi antar paragraf ogé kurang)
		2	Kurang (eusi teu jéntré tur kurang sistematis, teu aya kohési jeung kohérénsi antar paragrafna)
		1	Kurang pisan (eusi teu jéntré

No	Aspék nu dipeunteun	Skor	Kritéria
			tur teu sistematis, teu aya kohési, jeung kohérénsi antar paragraf)

Harfield, spk. dina Nurgiantoro (2010, kc. 441) kalayan disaluyukeun kriteria katut skorna.

- b. Méré peunteun kana hasil *pretest* jeung *posttest* nulis laporan siswa ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$P = \frac{\sum Skor\ siswa}{\sum Skor\ maksimal} \times 100$$

- c. Sangkan leuwih écés, peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabel di handap

Tabél 3.3
Kamampuh Nulis Laporan Siswa

No	Kamampuh Nulis Laporan				Σ	P	Katégori/ KKM 75
	A	B	C	D			
Σ							
%							

Katérangan:

No : Nomer urut siswa

a : Éjahan

b : Adegan Basa

c : Eusi

d : Struktur eusi

Σ : Jumlah skor

P : Peunteun

KKM :75

Katégori = Peunteun ≥ 75 siswa dianggap mampuh nulis laporan.

= Perséntase < 75 siswa dianggap can mampuh nulis laporan.

3.4.2.2 Bédana Kamampuh Nulis Laporan antara Saméméh jeung Sabada Ngagunakeun Modél *Field Trip*

Pikeun nguji bedana kamampuh nulis laporan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Field Trip* aya sababarah léngkah, nya éta uji sifat data, uji gain, jeung uji hipotésis.

A. Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data ngawengku dua aspék, nya éta uji normalitas jeung uji homogénitas.

1) Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data anu normal atawa henteu bisa ngaliwatan sababaraha léngkah ieu di handap.

- a. Nangtukeun peunteun nu panggedéna jeung nu pangleutikna.
- b. Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus di handap.

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

(Sudjana, 2013, kc. 91)

- c. Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

Katerangan:

k = lobana kelas

n = lobana data (frékuénsi)

3,3 = bilangan konstan

(Sudjana, 2013, kc. 47)

- d. Nangtukeun panjang kelas interval:

$$P = \frac{r}{k}$$

Annisa Meilia Prayoga, 2017

MODÉL PANGAJARAN FIELD TRIP DINA PANGAJARAN NULIS LAPORAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

p = panjang kelas (interval kelas)

r = rentang (jangkauan)

k = lobana kelas

(Sudjana, 2013, kc. 47)

- e. Nyieun tabél frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.4
Format Frékuénsi Peunteun *Pretést* jeung *Postest*

No.	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
Σ						

- f. Ngitung rata-rata (mean) peunteun tés awal jeung tés ahir ngagunakeun rumus:

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

\bar{x} = rata-rata (mean)

Σ = jumlah

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 2013, kc. 67)

- g. Ngitung standar déviasi carana nya éta:

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i X_i^2 - (\sum f_i X_i)^2}{n(n-1)}}$$

Keterangan:

sd = standar déviasi

$n \sum f_i X_i^2$ = jumlah frékuénsi nilai

$(\sum f_i X_i)^2$ = jumlah frékuénsi nilai x kuadrat

n = jumlah subjek panalungtikan

Annisa Meilia Prayoga, 2017

MODÉL PANGAJARAN FIELD TRIP DINA PANGAJARAN NULIS LAPORAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

h. Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi (perkiraan). Carana nya éta:

- 1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi

Tabél 3.5
Perhitungan *Chi Kuadrat*

Kelas Interval	O_1	BK	Z_{itung}	Z_{tabel}	L	E_i	X^2

Katerangan:

O_1 = frékuénsi obsérvasi

BK = batas kelas

Z_{itung} = transformasi normal standar bébas kelas

Z_{tabel} = nilai Z tina table distribusi data normal

L = lega kelas interval

E_1 = frékuénsi ékspétasi

X^2 = chikuadrat

- 2) Nangtukeun O_1 (frékuénsi observasi), nya éta lobana data anu kaasup kana hiji kelas interval.

- 3) Nangtukeun batas kelas (BK)

- 4) Nangtukeun Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

- 5) Nangtukeun Z_{tabel}

- 6) Ngitung legana unggal kelas interval (L).

$$L = Z_{tabel}^2 - Z_{tabel}$$

(Sudjana, 2013, kc. 293)

- 7) Ngitung frékuénsi ékspétasi (E_1)

$$E_1 = n \times L$$

(Sudjana, 2013, kc. 293)

8) Nangtukeun *Chi* kuadrat (X^2)

$$x^2 = \sum \frac{(O_1 - E_1)^2}{E_1}$$

(Sudjana, 2013, kc. 273)

9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2013, kc. 293)

10) Nangtukeun harga x^2 tabél

11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria di handap.

- Lamun $X^2_{itung} < X^2_{tabél}$ hartina data atawa populasi distriabusina normal.
- Lamun $X^2_{itung} > X^2_{tabél}$ hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

2) Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta hiji uji sipat data nu tujuanna pikeun mikanyaho homogén henteuna sampel tina populasi anu sarua. Léngkah-léngkah pikeun nangtukeun homogénitas nya éta:

a. Ngitung variasi masing-masing kelompok nurutkeun Sudjana (2013, kc. 95) nya éta:

$$\text{Variasi tés awal } S_1 = \frac{n \sum f_i X_i^2 - (f_i X_i)^2}{n(n-1)}$$

$$\text{Variasi tés ahir } S_2 = \frac{n \sum f_i X_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2013, kc. 95)

b. Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{\text{Variasi nu leuwih gedé}}{\text{Variasi anu leuwih leutik}}$$

(Sudjana, 2013, kc. 250)

c. Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

(Sudjana, 2013, kc. 146)

d. Nangtukeun harga $F_{tabél}$

e. Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu dihandap.

1) Saupama $F_{itung} < F_{tabél}$, hartina variasi sampel homogén.

2) Saupama $F_{itung} > F_{tabél}$, hartina variasi sampel teu homogén.

B. Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan tina hasil pratés jeung postés. Hasil tina *uji gain*, bisa meunangkeun gambaran ngeunaan éféktifitas digunakeunana modél *Field Trip* dina nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017.

Léngkah-léngkah anu dilakukeun dina *uji gain* nya éta ngagunakeun tabél 3.6.

Tabél 3.6
Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Laporan

No.	Peunteun Pratés	Peunteun Postés	D	d^2
1.				
2.				
Σ				

Katerangan:

d = daya pembéda

Σ = jumlah

C. Uji Hipotésis

Hipotésis nya éta dugaan anu can tantu bener, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan hiji panalungtikan. Ieu hal dumasar nurutkeun Arikunto (2013, kc. 110) hipotésis asal na tina kecap “hipo” anu hartina dihandap jeung “tesis” anu hartina bebeneran. Dina uji hipotésis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu

Annisa Meilia Prayoga, 2017

MODÉL PANGAJARAN FIELD TRIP DINA PANGAJARAN NULIS LAPORAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tés. Kadua, saupama data hasil uji normalitas téh némbongkeun yén data miboga distribusi anu teu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik non paramétris kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

1) Statistik Paramétris

Statistik paramétris digunakeun nalika data miboga distribusi anu normal.

Léngkah-léngkah dina statistik paramétris nya éta saperti ieu dihandap.

- a. Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil pretés jeung postés. Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

- b. Ngitung darajat kabébasan (dk), rumusna nya éta:

$$dk = n - 1$$

(Sudjana, 2013, kc. 146)

- c. Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, rumusna nya éta:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

- d. Ngitung t, rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

t = tés signifikansi

Md = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil tés awal jeung tés ahir

$\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviiasi

n = jumlah subyék dina sampel

(Arikunto, 2013, kc. 350)

- e. Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria-kritéria ieu dihandap.
- 1) Lamun $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis ditarima, yén modél pangajaran *Field Trip* éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 dina nulis laporan.
 - 2) Lamun $t_{itung} < t_{tabél}$ hartina hipotésis ditolak, yén modél pangajaran *Field Trip* teu éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 dina nulis laporan.

2) Statistik Non-Paramétris

Statistik Non-Paramétris digunakeun saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Uji *Wilcoxon* mangrupa métode statistik anu digunakeun pikeun nguji bébédaan dua data anu miboga pasangan, jumlah sampel anu datana sarua lobana (Susetyo, 2012, kc. 228).

Sudjana (2013, kc. 450) léngkah-léngkah uji *Wilcoxon*, nya éta:

- 1) asupkeun peunteun *pretés* siswa kana kolom ka-2 (XA1);
- 2) asupkeun peunteun *posttés* siswa kana kolom ka-3 (XB1);
- 3) itung bédana antara *pretés* jeung *posttés* ku cara XA1-XB1 tuluy hasilna asupkeun kana kolom ka-4;
- 4) nangtukeun jenjang ku cara nataan hasil béda tina kolom ka-4 ti mimiti nilai béda anu pangleutikna nepi anu panggedéna;
- 5) sanggeus disusun (misalkeun aya nilai anu sarua), pikeun nangtukeun jenjangna éta nilai tuluy dijumlahkeun, tuluy dibagi dua, nilai tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna;
- 6) sanggeus disusun, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka-5;
- 7) ngasupkeun nilai jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalna aya nilai béda anu negative asupkeun kana kolom ka-7;
- 8) tingali kana table harga-harga kritis uji *Wilcoxon*, misalna jumlah $n = 23$ kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5% $W_{tabél} = 73$;

9) data anu geus diitung tuluy diasupkeun kana tabél uji *Wilcoxon* ieu di handap.

Tabél 3.7
Tabél Uji *Wilcoxon*

No	XA1	XB1	Béda	Tanda Jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-

Katerangan:

XA1 = Peunteun *Pretest*

XB1 = Peunteun *Posttest*


10) ditarima henteuna hipotésis dina uji *Wilcoxon* ngagunakeun kritéria ieu dihandap.

- a. Saupama $W_{itung} < W_{tabél}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina H_a ditarima. Modél pangajaran *Field Trip* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 dina nulis laporan.
- b. Saupama $W_{itung} > W_{tabél}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina H_a ditolak. Modél pangajaran *Field Trip* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 dina nulis laporan.

3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kawilang penting dina panalungtikan, lantaran dina prosedur panalungtikan téh nétélakeun léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik.

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan *kuantitatif* anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimen, desain anu dipaké nya éta ngagunakeun désain *pretest and posttest group design*. Sangkan leuwih jéntré prosedur panalungtikan bisa ditién dina bagan 3.1.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun deui ieu di handap.

a. Nangtukeun Masalah Panalungtikan

Saacan ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik nangtukeun heula masalah nu rék di talungtik.

b. Tatahar

Dina prosés tatahar, panalungtik ngalaksanakeun tilu tahapan, nya éta:

1) Wawancara jeung Guru Basa Sunda

Léngkah mimiti nya éta ngayakeun wawancara jeung guru basa Sunda SMP Negeri 12 Bandung ngeunaan masalah anu karandapan nalika ngajarkeun matéri nulis laporan ka siswa, anu mangrupa kompetensi Kurikulum 2006 di kelas VIII dina pangajaran basa Sunda;

2) Nangtukeun Sumber Data

Tina hasil wawancara jeung guru basa Sunda SMP Negeri 12 Bandung, panalungtikan bisa langsung nangtukeun sumber data nu rék ditalungtik; jeung

3) Nyieun Instrumén Panalungtikan

Panalungtik nyusun léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun pikeun ngungkulan modél pangajaran *Field Trip*. Dina ieu panalungtikan katitén aya dua variabel nya éta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas nya éta variabel anu mangaruhan kana variabel lianna, sedengkeun variabel kauger nya éta variabel anu dipangaruhan ku variabel bebas. Anu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta modél *Field Trip* anu mangaruhan, sedengkeun variabel kauger dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung dina nulis laporan.

c. Studi Kuasi Ékspérimén

Dina prosés studi kuasi ékspérimén, panalungtik ngalakukeun tés. Tés dilakukeun dua kali, nya éta:

1) Tés Awal (*Pretest*)

Tés awal dilakukeun saméméh ngalakukeun perlakuan, tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Field Trip*.

2) Perlakuan (*Treatmen*)

Sanggeus mikanyaho pangaweruh siswa dina nulis laporan ku cara di béré tés awal (*pretest*) anu geus dilaksanakeun, panalungtik ngalakukeun *treatmen* nya éta dilarapkeunana modél pangajaran *Field Trip*. Tuluy ngalaksanakeun prosés pangajaran nulis laporan ngagunakeun modél *Field Trip*.

3) Tés Ahir (*Posttest*)

Sabada ngalaksanakeun perlakuan (*treatmen*) siswa di béré tés ahir. Tés ahir dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun modél *Field Trip*.

d. Analisis Data

Léngkah saterusna tina studi kuasi ékspérimén nya éta analisis data. Analisis data anu dipaké ku panalungtik ngaliwatan lima tahapan, nya éta:

- 1) mariksa;
- 2) meunteun;
- 3) tabulasi data;
- 4) uji sifat data; jeung
- 5) uji hipotésis

e. kacindekan

Panalungtik nyieun kacindekan.